



# HAGURUKA UKAYANGANE MU GIHE C' UMWIZA

Muri Reta ya Vermont, amasanganya menshi ahitana abantu bagenda n'amaguru, abagender ku makinga, hamwe n'abagendera ku birato bifise amapine aba mu gihe haba hatabona, nko mu mabarabara atari ayo mu bisagara mu gihe c'ijoro, igihe c'urushana hamwe no mu gihe c'imbeho nyinshi.

Iyo uriko ugenda n'amaguru canke n'ikinga mw'ijoro, gerageza uboneke kandi **utekane kandi uheze wambare akagarururumuri** hamwe n'udutara twaka igihe cose ugiye mw'ibarabara. Abatwara imodoka nabo bategerezwa kwiyubara cane hamwe no kuba maso bakitondera abagenda n'amaguru mu gihe bariko begendesha imodoka mw'ijoro.

## **INGENE BAKOresha UTUGARURARUMURI:**

Utugarururumuri dutegerezwa kuba tuboneka neza uturutse impande zose haba imbere canke inyuma. Akagarururumuri gategerezwa kuba kamanitse. Abagendesha imodoka babona mu buryo bworoshe akagarururumuri kariko karagenda kurusha akari ku kintu gihagaze.

Shira utugarururumuri kuri:

- Ku dusakoshi two mu mugongo
- Ku mifuko y'impuzu
- Ku bifungo vy'impuzu
- Ku tugendesho
- Ku dukinga tw'abagendana ubumuga
- Ku bikoresho imbwa zambara
- Uko ushirako utugarururumuri twinshi, niko birushaho kuba vyiza!

Umuntu yambaye utugarururumuri aba aboneka **incuro 3 ugereranije** n'umuntu yambaye impuzu zijimye.

# Impanuro z'umutekano mw'ijoro ku Bagenda n'amaguru, abagenda n'amakinga, hamwe n'abatwara imodoka

## KU BAGENDA N'AMAGURU HAMWE N'ABAGENDA N'AMAKINGA:

- Izere neza ko uboneka neza ku batwaze imodoka mu kwambara utugarurumuri hamwe n'impuzu ziriko utugarurumuri, canke ibirenze ivyo, mu kwitwaza udutoroshi tugendanwa/amatara y'ikinga hamwe no kwambara ikintu kigarura urumuri.
- Abagenda n'amakinga basabwa n'itegeko gukoresha itara ry'inyuma ritukura ryaka rizima canke riguma ryaka canke n'imiburiburi igikoresho kigarura urumuri gipima santimetero kare 129 (20 square inches).
- Jabukira ahantu habona neza kandi ushobora kubona neza uruja n'uruza.
- Gendera mu kayira k'abanyamaguru aho bishoboka hose.
- Ku gituro ca bisi: jabukira inyuma ya bisi canke ahabigenewe.
- Raba neza ko ata modoka, amakinga hamwe n'ibindi bigendeshwa - kubera barashobora kuba bata kubonye.

## MARKA AD GAARI WADO:

- Ubahiriza umuvuduko ntarengwa. Umunyamaguru agonzwe n'imodoka iriko iragendera ku muvuduko wa 40 mph (64km/h) aba afise ivyago bingana na 85% vyo gupfa. Ku muvuduko wa 20 mph (32km/h) ivyo vyago biragabanukako 5%.
- Irinde gusamara utwaye imodoka, gutwara imodoka ubangamira abandi, hamwe no gutwara imodoka wanyoye inzoga canke ibiyayuramutwe.
- Hagarara burundu mu gihe ugeze ku bimenyetso bigusaba guhagarara hamwe no kuri feruje.
- Ba maso, raba imisi yose amakinga hamwe n'abagenda n'amaguru, kandi usangire ibarabara.

Mu gihe ushaka ayandi makuru ja ku rubuga:  
[SafeStreets.Vermont.Gov](https://www.SafeStreets.Vermont.Gov)